



**THE SCHOOL DISTRICT OF
PALM BEACH COUNTY, FL**

**KEITH OSWALD
DEPUTY SUPERINTENDENT/CHIEF OF SCHOOLS**

DEPUTY SUPERINTENDENT/CHIEF OF SCHOOLS
3300 FOREST HILL BOULEVARD, C-316
WEST PALM BEACH, FL 33406-5869

PHONE: 561-649-6805 / FAX: 561-649-6837
WWW.PALMBEACHSCHOOLS.ORG

Chè Paran/Responsab,

Lèt sa a se pou fè nou konnen pandan otòn 2019 la, Depatman Edikasyon te pase twa nouvo règleman ki genyen enpak sou ansèyman obligatwa pou ane lekòl 2019-2020 an. Distri Lekòl Rejyon Palm Beach bay desizyon sa yo tout sipò li epi li pare pou aplikasyon règleman obligatwa sa yo ki pral ede redui difikilte elèv nou yo genyen.

Anba la a, tanpri gade detay chak règleman sa yo:

Règleman 6A-1.094121 Edikasyon Sante Mantal ak Emosyonèl

Mande distri lekòl yo pou yo ofri yon minimòm senk (5) èdtan ansèyman anyèl nan klas 6-12 ki konekte avèk jenn yo ak konesans nan sante mantal, avèk èd ki disponib, sa ki enkli prevansyon suisid ak enpak abi sibstans.

Règleman 6A-1.094122 Edikasyon sou Sante nan domèn Izaj ak Abi Sibstans

Mande distri lekòl yo pou yo ofri ansèyman anyèl nan klas K-12 ki konekte avèk izaj ak abi sibstans nan mitan jenn yo, ak edikasyon sante sou abi.

Règleman 6A-1.094123 Edikasyon sou Prevansyon Trafik Timoun

Mande distri lekòl yo pou yo ofri ansèyman anyèl nan klas K-12 ki konekte avèk prevansyon trafik timoun ak konesans pwoblèm nan.

Après yo te revize anpil pwodui ak lokal, Distri Lekòl Rejyon Palm Beach te seleksyone yon kourikoulòm ekspè nan domèn Sante Mantal te kreye. Moun ki te kontribye nan kourikoulòm nan te enkli terapris lisansye nan sante mantal, konseye nan kriz, espesyalis sètifye nan abi ak prevansyon abi sibstans, praktisyen ki enfòm sou twoma, ekspè nan trafik moun, konseye akademik, ekspè nan edikasyon espesyal, ak moun k ap fè rechèch nan domèn edikasyon.

Pou kesyon ki konsène kourikoulòm yo te chwazi a oswa peryòd aplikasyon, tanpri kontakte direktè/tris lekòl pitit ou a.

Sincerely,

Keith Oswald

Deputy Superintendent/Chief of Schools